**БахІарчияб Алмахъ**

*РукІана алмахъал Арсахъ Тимурил*

*Гъванща бухизеги бажари бугел!*

*НахъбакІалъул хІуби, бахІарзазул ракь,*

*ЧІухІизе бегьула жакъаги Алмахъ!*

*ГӀадан-инсанасул гьаб гӀумруялда*

*ГӀемерал рукӀуна лъугьа-бахъинал,*

*Лъварабги, лъвинчӀебги цуцайги рагьун,*

*РакӀазул гӀатӀилъи гьал алмахъазул.*



*Бищун лъикӀаб  къимат Шамилил швараб,*

*Лъабкъоялда хадув ХӀажи вахъараб,*

*Рорхе кинацаго кверал  эхеде,*

*Алмахъалъе кьезе бахIарчияб цIар!*

Группа «Любимый Алмак»

□□□□□□□ □□□□□□□ **Алмахъ**

РекIел тIинда бугеб бацIцIадаб рокьи

КъватIибе бахъила, дургун бикьила,

МугIрул ахалъода рукIел ккун чIараб

ГьитIинаб дир ВатIан, дир Алмахъ росо.

Дур хIалхьиги цIунун чIун ругел гIадин

Рорхатал мугIрулги росдахъ ралагьун,

Росдал гIадамазул рахIатги цIунун

Рохьалги, ахалги руго мун сверун.

Шамилида цадахъ рагъизе рукӀа,

ВатӀаналъе гӀоло рухӀ кьезе рукӀа,

Гали нахъе лъечӀел, берги къапичӀел

КъвакӀарал васалгун ясал дур, Алмахъ.

ЦӀаларал чагӀиги, гӀалимзабиги

Районго чӀухӀарал руго дур, Алмахъ.

ЯхӀ-намус цӀикӀкӀарал, хӀурмат кӀудиял

Дагъистан чӀухӀарал васал дур, Алмахъ.

Дир лъимерлъиялъул гӀумрудул къоял

ТалихIал рукIана гьеб дур ракьалда,

Мун тун ехе гочун араб замана

РекIелъ мунги цIунун буго дир ина.

Алмахъ росоялъул цIар бахъарабго,

Гьалдолеб лъин гIадин, бухIун уна ракI.

Алмахъалде сапар бухьине ккани

РекIел кIутIиялъул хисула кьаби.

ЗахIмалъи, къварилъи гIемер бихьараб,

Дир кIудияб Алмахъ, гьитIинаб ВатIан,

Къо бихьичIониги къуркьичIеб росо,

Бокьула бацIцIадаб рокьигун дие.

Буго дир цо анищ: нилъ кинацаго,

Цебе заманаялъ захIматги бихьун,

Гъунки биххичIого умумуз ккураб

Алмахъ абураб цIар борхат цIунизе.

Патимат Магомедова

**Дир гьитIинаб ватIан**

**KIудияб Алмахъ**

Инсул росулъ гIадаб

XIалхьи рекIее

Дун киве щваниги

БукIунаро дир.

Гьале жакъа щвана

Инсул росулъе

Къечарав лъехъ гIадин

Унтун вукIарав.

Гьаниб щола диде

Щулияб макьу

Эбелалда кодоб

Лъимаде гIадин.

Гьаниб кьвагьи гьечIо
ЧIван холел гьечIо

ЦIаги лъун рухIулел

ГьечIо рукъзалги.

Къараб зар киниги

Росдал жамагIат

Гъункун, цолъун буго

Цо хъизан гIадин.

ГьитIинаб, кIудияб

ДагIба къец гьаниб

КъватIиб бахъуларо

Жаниб букъула.

Гьаниб гIадлу низам

КъвакIараб буго,

Къадарал ишазда

ТIад рекъоларо.

ГIадамал цуцаде

Гьимун кIалъала.

XIила-рекIкI гьереси

Гьазда лъаларо.

Амма инсул росо

Гьелъул гIадамал

ГIагарлъана дие

РикIкIалъанагIан

Керен-ракI рагьараб

Гьобол хирияб,

Дица гьаб халкъалъе

Къулула бетIер.

Шамил имамасе

Кьалда бегьараб

Кибго гьеб букIана

Дие мисаллъун.

Дос вагIза-дугIадулъ

Рехсараб, ккураб,

Дие хирияблъун

ХутIараб тIалъи.

Мун дир сангар буго

Дир хъала буго.

Дуе хъвачIеб щигIру

Добавил(а) Administrator
28.04.20 17:41 -

Щай дие, Алмахъ!

Н.Алмахъский

**Къабул гьаве дун**

Гьанив тункун, дова тункун,

Тира-сверулев вукIун,

Сапаразда, нухазда

Ун батана дир гIумру.

Гьанже чорхол жан хварав,

Хиялаз рехун тарав,

Хирияб инсул росу,

Вуссана дун дур гъасде.

Гьаниб дир ракьги буго,

Гьанир кьалбалги руго,

Бокьулеб гIагарлъиги,

Гьудулзабиги руго.

Гьаниб абуна дица

ТIоцебе эбелилан,

Инсул квер ккун, т!амуна

ТIоцебесеб галиги.

Гьаниб кинабго буго

Дир рекIее гIагараб,

ГIагарал умумузул

Тарихалъул бицунеб.

Берцинаб тIабигIатги,

ГIаданлъи тIокIаб халкъги,

Гьанир тIамила, Алмахъ,

Дица хутIарал къоял.

Къабул гьаве дуца дун.

Дида тIасаги лъугьа,

Дудаса рикIкIад унин

Дир гIанчIаб гIолохъанлъи.

Амма дур тарихалда

ЧIегIераб т[анкI лъолеб иш

Дица биччачIин кибго,

Киве дун ккананиги.

Н.Алмахъский

**РачIа Алмахъалде**

**нижехъ гьоболлъухъ.**

ГIурччинал мугIрузги, рохьал-щобазги,

Жанибе бачараб расалъиялда,

Беролеб-гьелчолеб Ахчад рагIалда,

ГIун бачIунеб буго дир Алмахъ росо.

Дун гьенисайилан абулев гуро,

Яги росдай цlар-рецц ахlулев гуро,

Гьедунги абила гьечlин ракьалда

Гьалдаса берцинаб цониги тlалъи.

Гьалъул хlикмалъиялъ хlайран гьавичlев,

Вачlинчlо цониги гьобол росулъе,

Яги чlалгlен бусун нахъе арав чи

Ватилин абизе кlоларо дида.

Гьанире щварабго гъоркьеги рештlун,

Кирего бералги речlизе гьарун,

Кьер-кьерал берцинал тIугьдузул махIалъ,

Керен-ракI рагьизе гьабула щивас.

Академиказги, космонавтазги,

Кибго цIар рагIарал гIалимзабазги,

Американазги, англичаназги,
Чан хъай-хъвагIай течIеб гьаниб тIехьалда.

Рии-ихх цIехоге, щва нуж гьанире,

РакIал аваданал алмахъазухъе,

Унти рикьукълъизе, ургъел чучизе,

Чундузцин нужее кумек гьабила.

Даруял лъиналги, лъолел хIарщалги,

ХIалхьезегIан квине тIагIамаб пихъги,

Гьел сверун къан гьечIо, хъаравул гьечIо,

ЧIобого буго гьеб кинабго нужой.

Нужеда кIочена гьанире щведал,

Дол цере рихьарал берцинал бакIал,

ТIад руссун инаго ккела ракIалде

Дунялалъул алжан Алмахъ бугилан.

Гьаб Дагъистаналъул Швейцария

Салатавиялъул берцинаб букIон,

Бицун божичIесда бихьун букIине

РачIа Алмахъалде нижехъ гьоболлъухъ

Ш.Шамирзаев.

**Алмахъал щал кколел**

**лъалищ нужеда?**

Алмахъал щал кколел

лъалищ нужеда?

Лъалареб батани

лъазабе тарих.

Шамил Имамас жив

наиблъун тарав

Нилъер алмахъавин

Умалат кколев.

Живго имамасул

божи цIцIикIкIарал

РукIанин алмахъал

хъван буго харбилъ.

ЯхI-намус, гIаданлъи

жидер кIудиял,

Гьезул лъимал нилъго

рукIин кIочонге.

КIудияв гIалимчи,

живго гIарабист,

ГIамиргIали-хIажи

алмахъав гурищ?

Гьесдаса лъаялъе

мукъсанлъи гьечIев

Гьесул вас Садикъил

бицен рагIинчIиш?

Алмахъ миллаталъул

гIадлучи-бетIер

Бице Къурман-гIали

щай кIочон тарав?

Росдал жаваб кьолев

гIакълучийилан

НахъбакIалда гьесул

бицен букIанин.

Лъийго мутIигIлъичIев,

гIадлу битIарав,

Жамалудин нилъер

алмахъав ккола.

Жанисел ишазул

отдел чIухIарав,

Щвезаве ракIалде

ГIабдулгъапуров.

Россиялда жидер

къимат кIудиял,

Алмахъазул вуго

кIиго БахIарчи:

Юрий Салимханов,

МухIамад-Казим -

Кидаго къулула

нужее бетIер.

Олимпиадалда

бергьенлъи щварав,

ГIисаев Мансурги

алмахъав ккола.

Гьединал алмахъал

анцI-анцIин ругел,

ЦIарал рехсечIогон

нилъеца тарал.

Алмахъазул хъвазе

гIемераб буго,

СихI къотIун щай чIолел

нуж, шагIирзаби?

Къасуев Ниязбег,

Ясенил Мансур,

ХIал нужер чIахъаял,

хъвалварищ шигIру.

ЛъикIго алмахъазул

хIакъикъат лъалев,

КIвахIаллъуниш вугев

Басиров Насир.

Щвалде щвараб хабар,

рагIул гъварилъи

РагIизе бокьила,

Расулов СагIит.

НахъбакIалда бищун

гьобол рещтIунев

Алмахъ букӀанилан

бицуна хераз.

ХӀуригат бахъулел

захӀматал соназ

Алмахъазул кумек

кибего щванин.

Хунз, ансал, балъхъаца

ва мелъелтӀесез

РештӀин гьабулеб бакӀ

Алмахъ букӀанин.

ГӀасрабаз умумуз

борхатго ккураб,

Алмахъазул къимат

къабихӀ гьабуге.

Къудуев МухӀамад

**Алмахъазде**

Дир гьитIинаб росо - кIудияб тIалъи,

Казбек районалъул Калининаул,

Къуркьи рекIелъ гьечIел лебалал васал,

Инсул хатир ккурал ритIухъал ясал.

ТIабигIаталъ куцун тарбия щварал,

ХIалтоца лъадарун къвакIизарурал,

РитIухълъи цIунарал, гIадло камилал,

Сундулъго рацIцIалъи жидей бокьулел.

Ккаралъур ратулел, нахъе къай гьечIел,

Огъо хъатниб ханжар сверизабулел.

Гьал нилъер умумуз, дол харабаца,

ЛъикӀабги квешабги гӀахьалги гьабун,

Цо чанго миллатаз цо чанго соназ

Цадахъ рекъон гӀумру нухда регӀараб,

Бакъукьги цӀадалъги хурир, къватӀирги

Гъеж гурун, хӀал рекъон цадахъ рукӀарал.

РакӀал аваданал, сабро кӀудиял,

КӀудиязул адаб рехун толарел,

КӀудияб реццалъе нуж мустахӀикъал,

*ТIаде нух лъаларел кьурабазда гъорлъ*

*МугIрукь тIупун буго некIсияб Алмахъ.*

*ГIасрабаз квегъарал, къисматалъ ккурал,*

*Къавмал гьарун руго росолъ умумул.*

*Хасалил халатаб, квачараб сордо,*

*Гъасда бакараб цIа, нур гьечIеб чирахъ,*

*Цебехун аралъул чIумал рехулел,*

*Гьуинаб харбида руго гIодор чIун.*

*Алмахъ росо буго цIумазул ватIан,*

*ЦIар арал гIалимал жанир рахъараб,*

*Гвангъарал къавмазул кунчIарал цIваби,*

*Заназде сверарал, гьунар босарал.*

*Идрисил къебелъохъ пулеб перело,*

*Ханжар бегIерулеб зирхараб кIутIи,*

*ГIодоб биччай гьечIеб къасиги къадги,*

*ЦIадулъе ртизе хIадурал васал.*

*Рорхатго рorжунел мугIрузул цIумал -*

*ЦIумазде руссарал васал ратила.*

*БецIал накIкIазулъан перхолел зобал -*

*Нужер хвалчабазул пиркъи батила.*

*ХутIичIо нуж гъасда даимго цадахъ,*

*Заманалъ рачIарал гьалбал ратана.*

*ВатIаналде рокьи,  бегIераб ханжар,*

*ГIумроялъул кьоял тана ирсалъе.*

*ЦIар арал къавмазул кунчIарал цIваби,*

*Заназде сверарал, гьунар босарал,*

*Нужер дол чуязул  хьвадулеб кIватIи*

*Пикрабалъ рагIизе хутIана нахъе.*

Расул Билалов

АЛМАХЪ

Дур гIурхъи бегани, гIагараб Алмахъ,

ГIажаибаб бухIи хIенчола рекIелъ.

Сапар халалъани, хирияб Алмахъ,

ХIалхьи гьечIеб чIалгIен чIола гIагарда.

ЧIобого кьуниги тахшагьаралда

Гьабиларо ханлъи хваниги дица,

Дур сурат бихьулеб тIалъиялдаса

TIokIай ричIадегIан инаро, Алмахъ.

Мусудул берцинал, васал чIурканал,

ЧIухIула дудаса, дун гIураб росу.

Багьадурал ругел, цIаларал ругел,

ЦIидасан духъ балай бергьун буго дир.

Дунял гIаламалда цIар тIибитIарал

ТIанкI бугел ритIучIал тIокIал кир ругел?

Россия, болгарал гьоболлъухъ щолел,

Щиб рахъалъ батилеб цойги тIабигIат?

Гьоболасул рекIелъ асар хутIулел,

XIажалъи ккарасе хьолбохъ рахъунел,

Гьал дир алмахъазул гурхIел ва рахIму,

XIал кIолев БетIергьан, тIагIине тоге.

Раида

Набиева

*ГIАГАРАБ□□□□ РОСУ□*

(Руслан Имамирзаевасе)

*Соназул свераби гIемерлъанагIан,*

*ГIагараб росулъе xIалакунеб ракI,*

*ГIумрудул сухъмахънух халалъанагIан,*

*Хирияб сверуде рещтIунеб хиял.*

*Гьаниб дий эбелалъ, кини кIибикIун,*

*АхIараб кечIалъул xIеренаб бакъан.*

*XIалимав инсуца, кверги ккун вачун,*

*Вахине гьавураб борхатаб мегIер.*

Добавил(а) Administrator
28.04.20 17:41 -

*Намус-яхӀ бергьарал гӀадамал гӀураб,*

*Бокьула дие мун, гӀагараб Алмахъ,*

*Имамас как бараб мажгит цӀунараб,*

*ЦӀала духъе дир ракӀ, дир инсул ватӀан!*

*Гьаниб гьоболасе рагьараб нуцӀа,*

*Гьаниб гьудуласе гьуинаб калам.*

*Гьанир намус тӀокӀал берцинал ясал,*

*РакӀал чарамулал лебалал васал.*

*БахӀарзазул цӀвабзалъ цӀар бикӀун хъварав,*

*ЧIухIула дудаса,   МухIамадказим.*

*Казбек  дунялалда  машгьур  гьабурав,*

*Юрий, дуй хвел гьечIо халкъазул рекIелъ.*

*Ражаб, ГIумарсултан, Маратил Расул,*

*Саратил   вас ГIиса, МухIамадмирза,*

*Сулейманил АсхIаб, Камучов Башир,*

*ХIамзалаев  - хIакъал   нижер   бахIарзал.*

*Инусил  Мурадис,   АсхIабов  Шарал,*

*ХIамзатов Зайбодин,    ГIабидил Надир,*

*Нуж - гIакълудал къулгIа, къвакIараб чаран,*

*Чилъи тIокIал васал, сахал алмахъал.*

*Лъабабго росдал халкъ - къараб гучаб зар,*

*Къо ккани вацаллъун цадахъ рахъунел.*

*Лъабго росдал гIалам - цо кIутIулеб ракI,*

*Рохелги ургъелги гIахьал гьабулел.*

*Багьадурзабазул гьайбатаб ватIан,*

*ТIегьазе биччанте алмахъазул ракь.*

*Ракълида гIадамаз гIумру тIамулеб,*

Добавил(а) Administrator
28.04.20 17:41 -

*БукIа-абе□ □ гьениб□ даим□ гвангъун бакъ!*

Париза Гереева,

член Союзов писателей и журналистов РФ

**Нек1сияб Алмахъ**

Бечедаб тарихалъул некIсияб росу,

Дир гIагараб Алмахъ, цебесеб шагьар.

«Бахъизе кIвечIебан» цIар лъураб росу,

Къуркьичlел васазул ватIан буго мун.

ВатIаналде тIаде къо ккараб мехалъ,

Рахъарал къватIире дур багьадурал.

Алмахъ, дуе гIоло рухI кьун рагъарал

Кьалул байдабазда хутIарал васал.

Рагъде бихьинал ун, рукъор хутIарал

Руччабаз бергьенлъи гIагар гьабураб.

Рагъул кьогIлъи, ками, ракъи, захIмалъи -

ХIал лъазе течIогон къваkIун чIарал гьел.

Жакъасеб къоялъул гIодоб биччайги,

НакIкIуца рахчичIел хъахIил зобалги

Хадусеб гIелалъе цIунун хутIизе

ГIетIги биги тIуна, Алмахъ, дур халкъалъ.

Райнаб, Хасавюрт

АЛМАХЪАЙ

Сверухъго нур барай баркатиялде

Баркат-рахIматалъе, рахIму - цIобалъе,

ЦIобал гIатIидасго гурхIун йижарай,

Рижул рижиялъго Алмахъ бищарай,

ГIадамал урхъарай, Аллагь разияй

Мун ятиялда дир щаклъиго гьечIо,

ЧIухIула дур росу росулъ мун йихьун,

Хьул лъола рихьизе мунгIадал ясал.

Росулъа лъикIазул цIарал хъвайилан

Хъвай - хъвагIай бачIани, дандеги вачIун,

Меседил хъорщода гIарцул хIарпаца,

ХIакъаб буго, дица дур цIар хъвалаан.

ГIумроялъ дида мун йихьулей йиго

Лъухьула, чурула, гIачи хIебтIула,

Кванихъги корохъги, бахъухъ, нисо - нах

Хайгин, урба, чед – хинкI кIихIи бикьула.

Рокьи Аллагьасде бугей алмахъай,

Алмахъалде хIасрат бергьарай гIадан,

ГIаданлъи камилай, квер баркатияй,

Баркат лъеги дуда, дир магIарулай!

**Ясенил вас МухIамадмансур,**

**член Союза журналистов РФ**

**ГIагараб АЛМАХЪ**

Бихьанищ нужода,борхалъудасан,

гIагараб ракьалъул рагIа ракьанал?

кьурабаз рачел къан, къаналъ лъим чвахун,

чергесай ясалда гьеб релълъунарищ?

ГIурхъаби цIунулел хъаравулзаби,

бахIарзазул сипат гьечIищ мугIрузул?

ГIажаибаб сурат свералабазул,

сапар бухьун ине амру гьабулел.

ГьечIо дир гIадинаб цониги улка,

умумузул адаб ирсий босараб,

цересел гIадатал гIодор течIогон,

тартибалда ине уммат тIамулеб.

ТIогьолаб дир росу, гIагараб АЛМАХЪ.

дур яслъун йикIиналъ дун чIухIун йиго!.

Гуллаялде данде бер къапуларел,

къуватал васазул улка буго дир!.

Унаро рекIелъа ричIалъунилан,

радал чIирчIидулел хIанчIчIазул бакъанал.

бакъанида гIужалъ, къваридго дида,

духъе хъистагьеян гьарула ракIалъ.

Раида Набиева, II.07.I7г

**Дир умумузул ВатIан**

МугIрузул улкаялда,

Аваразул ракьалда,

Бокьулеб росу буго

Алмахъилан цIар бугеб.

Рагъ-кьал ахIун рачIарал

ХIинкъичIого нахъ чIварал,

БахIарзал васал гIураб

Дир умумузул ВатIан.

Берцинлъиялъ цIар араб,

ЦIорорал иццаз ккураб,

Гьава-бакъ цIакъ рекъараб

Росу буго мун,  Алмахъ.

Чундузул рохьал цIураб,

Рохьил пихъал гьарзаяб.

Гьайбатаб, баракатаб

БакI буго мун ракьалда.

ГьитIинго анищалъ дун

Даим духъе щолаан,

Щобдасан, кIкIалабахъан

Сухъмахъ нух ккун унаан.

Цинги лъарахъе рещтIун,

Лъелъан илъанхъулаан,

Гьайбатаб тIабигIаталъ

Дун асир гьаюлаан.

Анищалгун дун гIуна,

ГIемер сонал гирана,

Амма рекIелъа инчIо

***Непокоренный Алмак***

Есть место одно в горах Дагестана,

Где смелость и доблесть все время в цене,

И люди традиции чтить не устанут:

Здесь многое знают они о войне.

История очень его многогранна,

Его Тамерлан неприступным назвал,

Сжигали его дотла неустанно,

Но он покоренным ведь так и не стал.

Алмак - та жемчужина гор Дагестана,

Здесь тень старины на каждом шагу,

Природы красоту восхвалять не устану,

Я лишь удивляться ею могу.

Народ его добр, скромен и честен,

И храбрость течёт у Алмакцев в крови.

На весь Дагестан своей силой известен,

Алмак, процветай на века и живи!

Султанова Оксана Эседуллаевна